


Lèt pou lafanmi

Chè elèv ak fanmi elèv la,

Pwochen chapit matematik nou an prezante *jeometri transfòmasyonèl*. Nou pral aprann kat transfòmasyon de baz ki ka aplike sou objè ki gen de (2) dimansyon : refleksyon (retounen), wotasyon, translasyon (glise soti yon kote ale yon lòt kote) ak dilatasyon (agrandisman ak rediksyon dimansyon). Nou ka sèvi ak transfòmasyon sa yo pou nou deplase yon objè, mete li nan lòt pozisyon, oubyen mete li anlè yon lòt objè ki gen menm fòm nan. Nou pral aprann kijan pou rekonèt kalite transfòmasyon sa yo, dekri yo, epi kouman pou nou sèvi avèk yo pou nou fè desen simetrik.



Kèk nan desen bòdi, desen ki sou papyè tapisri, ak desen kouvèti ranboure ki pi enteresan yo fèt ak konbinezon kèk transfòmasyon.

Vokabilè Nan pwochen leson yo, nap aprann plizyè nouvo tèm vokabilè.

dilatasyon

imaj

liy refleksyon

liy simetri

medyatri

refleksyon sou yon dwat

simetri refleksyon

wotasyon

simetri wotasyon

desen echèl

faktè pwopòsyonalite

transfòmasyon

translasyon

vektè

Kisa w ka fè lakay ?

Nan klas la, elèv ou an pral fè desen apatide transfòmasyon. Ou ka mande elèv ou an pou li montre w kèk nan yo. Epi tou, toujou chèche motif oubyen figi ak simetri epi aranjman figi ki devlope sou batiman, sou papyè tapisri epi sou kouvèti ranboure, epi sou lòt kote lakay ou epi nan vwazinaj la tou. Wap etone anpil lè w wè konbyen egzanp ki genyen !

